

Pale ak Timoun yo Osije Evenman Twomatizan

Tande timoun yo: Mande yo kisa yo te tande osije evenman twomatizan an. Kisa yo panse li ye? Kite yo diw sa nan pwòp mo pa yo e reponn kesyon yo nan nivo laj yo. Pa met nan tèt ou ke ou konnen kisa yo santi ak ki kesyon yo va genyen. Fason ki pi fasil pou ta gen konvèsasyon sa a ta dwe lè yap fè desen oswa lè yo nan oto avèk ou. Detay granmoun ka wè kapab pa menm bagay pou timoun. Ekzanp yon timoun ka wè nan televizyon yo tire nan lekòl e li kwè sa ta pase nan katye li a, men se pa ak plizyè **kilomet** byen lwen. Epitou, souvan jenn moun konn repete sa yo te wè oswa te tande san rete pou ka ede yo dijere sak te rive a. Pa bay manti, men pa di yo plis bagay yo ka sipòte pou laj yo.

Bay anpil atansyon ak sekirite yo: Yon fwa ou konprann pèsèpsyon yo sou evenman twomatizan, di yo klèman ou ap ba yo pwoteksyon. Fè yo konnen granmoun ap fè tout sa yo kapab pou yo ka viv ansekirite. Timoun nan laj lekòl dwe santi yo asire lè yo konnen ke moun kap tire ak moun ki responsab trajedi sa yo mouri oswa yo arete yo e yo pa reprezante yon danje pou pitit ou oswa lekòl li.

Prete atansyon ak pwòp reyaksyon pa ou yo: Timoun ou yo pral pran tan pou obseve w epi pran poul sou ou. Si ou ka jere anksyete ou sou evenman twomatizan, timoun ou yo va gen plis asirans.

Veye timoun yo kap sèvi ak medya: Si timoun yo pa gade nouvèl oswa pa wè premye paj jounal, sa va ede yo. Jenn moun ki gade evenman twomatizan nan nouvèl ka panse evenman an ap kontinye oswa ap rive ankò.

Obsève chanjman konpòtman yo: Timoun yo ka montre nan konpòtman yo ke yo toujou ap lite ak sa yo te tande osman wè. Yo ka plenyen ak pwoblèm somatik oswa konpòtman regresif souvan tankou kochma, pa domi, vin tann dòmi pran yo nan kabann ou, pise nan kabann. Yo ka santi yo koupab de yon bagay kèlkonk, e yo bezwen moun ba yo asirans ke yo pa responsab.

Kenbe rutin ou yo: Rete soude ak estrikti aktivite chak jou ou yo: moman repa, abitud lè nou pral dòmi, elatriye. redwi anksyete e ede timoun yo santi yo plis ankwèt lè ou pèmèt yo konnen sak pral fèt.

Kite pòt louvri: Ankouraje timoun yo vin jwenn ou pou nenpòt kesyon oswa enkyetid e pa met nan tèt ou kesyon yo pral kanpe apre kèk jou e menm kèk semèn. Fè yo konnen krent ak kesyon yo nòmal e ou toujou gen tan pou yo. Fè yo sonje ou ap tann tout kesyon yo.

Konsidere sa tankou yon moman pou ou aprann: Pou timoun ki pi gran evenman twomatizan sa a ka mennen yon deba sou fason yo ka ede lòt moun ki te viv yon trajedi. Ou ka mande yo tou si yo konnen kijan pou yo kenbe tèt yo an sekirite lè yo lwen lakay yo. Evenman twomatizan yo fè nou santi nou pèdi kontwòl, kidonk nenpòt aktivite konstiktif nou ka kòmanse ka fè nou santi nou gen kontwòl, li fè nou santi nou pa twò frajil.